



Pou Piblikasyon Imedya: 06/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN A
IZAJ MIKS \$17 MILYON NAN VIL NEW YORK LA**

***44 Inite nan Devlopman pral Founi Opsyon Lojman Sipèvize ak Lojman Bon
Mache nan Jamaica ak Queens***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmansman yon devlopman lojman \$17 milyon nan Jamaica, Queens. Devlopman lojman a izaj miks sa a pral gen ladan 44 inite epi l ap bay lokatè ki gen pwoblèm sante konpòtmantal yo yon seri sèvis sipò sante mantal pou pwomouvwa endepandans ak fason pou yo okipe tèt yo. Yo konte pou devlopman fini nan fen ane 2018 la epi Sèvis Tranzisyonèl pou New York Inc. la (Transitional Services for New York Inc., TSINY) pral jere pwojè a.

Gouvènè Cuomo te di, “Lojman an sekirite ki bon mache ta dwe aksesib pou tout moun, espesyalman popilasyon ki pi vilnerab yo, epi avèk adisyon nouvo devlopman sa a, nou pral ajoute sou efò nou fè deja yo pou nou asire tout Nouyòkè genyon kote yo santi yo lakay yo. Pwojè sa a pral founi gason ak fanm yo aksè a sèvis yo bezwen pou yo ka mennen yo lavi estab ki an bòn sante, pandan n ap sipòte kominote ki pi briyan ak pi dirab nan Queens pandan anpil ane k ap vini ankò.”

Bilding apatman ki gen sèt etaj sa a, sitiye nan 88-45 163rd Street, li pral konplètman aksesib pou moun andikape yo. Blding lan pral gen 33 inite lojman sipèvize pou gason ak fanm ki gen maladi mantal sevè yo, ak 11 inite lojman bon mache pou moun oswa fanmi ki gen revni fèb ki kalifye yo.

Premye etaj bilding lan pral gen yon kizin, yon salamanje, kote pou fè lesiv, ak espas pou reyinyon ki disponib pou lokatè yo itilize. Premye etaj la pral genyen tou plafon wo ak koulwa ki laj pou kreye yon anviwonman akeyan ak espas entèraksyon pou lokatè yo dyaloge ak vizitè yo.

Pou sipòte pwojè sa a, Biwo Sante Mantal Eta New York la (New York State Office of Mental Health) te founi \$10.3 milyon finansman ak sèvis dèt san enterè pou konstriksyon an, ansanm ak yon Sibvansyon Pwogram Devlopman (Program Development Grant) \$146,000 yo te resevwa yon sèl fwa pou depans okòmansman yo ki gen ladan yo depans pou ekipman, mèb ak pèsònèl yo. Pwogram Renouvèlman

Kominote ak Kay Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal, NYS HCR) pral sipòte pwojè a tou ak \$6.5 milyon Kredi Enpo sou Lojman Revni Fèb yo (Low-Income Housing Tax Credits).

Sèvis Tranzisyonèl pou New York Inc. lan pral ofri yon bann seri pwogram ak sèvis nan etablisman an, yo te konsepsyone pou sipòte rekiperasyon lokatè yo ak pou yo devlope konpetans lavi yo chak jou, ki gen ladan èd pou ede yo fè fas ak abi sibstans, fè bidjè, netwaye kay, fè manje, konstwi yon rezo sipò, fòmasyon edikasyonèl ak vokasyonèl, ak jesyon bezwen swen sante pèsonèl yo. Yo konte fini konstriksyon nan devlopman lojman an ki nan 88-45 163rd Street la nan fen ane 2018 la.

Doktè Ann Marie T. Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la konstwi plis pase 6,000 inite lojman sipèvize pandan kat ane ki sot pase yo, epi gen anpil milye inite adisyonèl ki an devlopman. Chemen rekiperasyon an ka bezwen anpil sipò, non sèlman nan men pwofesyonèl sante mantal yo, men tou nan men fanmi ak zanmi yo. Devlopman lojman tankou sila sa ki nan Jamaica pèmèt moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal yo rete pre moun pwòch yo epi yo ka resevwa èd yo bezwen yo.”

Komisè Pwogram Renouvèlman Kominote ak Kay Eta New York la James S. Rubin te di, “Devlopman sa a se yon lòt egzanp ankò ki montre angajman Gouvènè Cuomo pran pou l founi kay ansanm ak sèvis moun yo bezwen pou yo ka viv endepandan epi byen devlope nan kominote yo. Anons jodi a ajoute sou sibvansyon Gouvènè a te anonse an septanm yo ki founi 1,200 inite lojman sipèvize pou moun ki a risk pou vin sanzabri yo epi avanse Plan Daksyon Kont Sanzabri (Homelessness Action Plan) \$10.45 milya li a vè lavan. HCR kontan anpil pou li sipòte pwojè sa a epi nou ap atann pou n wè li vin yon reyalite.”

Manm Kongrè Gregory W. Meeks te di, “Plan Gouvènè Cuomo pou l konstwi yon devlopman lojman a izaj miks nan Jamaica, Queens lan, pral benefisye distri mwen an anpil atravè \$17 milyon nan investisman yo ak ogmantasyon sèvis li yo. Tout moun merite viv nan kondisyon desan, kelkeswa sante oswa richès yo genyen. Kòm rezilta devlopman sa a, pral gen anpil opòtinite lojman pou moun ki souffri maladi mantal ak fanmi ki gen revni fèb yo epi sa a se yon pa pozitif anvè efò pou nou atake kriz lojman Vil nou an. Mwen remèsye Gouvènè a pou efò sa yo.”

Senatè Eta a Leroy Comrie te di, “Konstriksyon devlopman lojman endispensab sa a pral asire moun ki souffri pwoblèm sante mantal yo ka resevwa èd nesèsè nan yon anvivonnman sekirize epi yo ka rete pre rezo sipò yo. Eta dwe kontinye investi nan sèvis nesèsè sa yo epi mwen atann pou m travay avèk administrasyon an sou pwoblèm enpòtan sa a.”

Prezidan Queens Borough a Melinda Katz te di, “Nouvèl rezidans sa a pral ede agrandi sèvis sante mantal TSINY ofri bay rezidan Queens yo. Gras a sèvis TSINY yo, anpil moun ki souffri maladi mantal yo te tranzisyonèl rive viv yon fason endepandan kote yo pran swen pwòp tèt yo atravè kontinite sèvis inestimab, reyabilitatif ak entegratif

TSINY a yo.”

Manm Konsèy Vil New York la, Rory I. Lancman te di, “Lojman sipèvize ak lojman bon mache yo se mechè fason pou nou ede moun retabli yo, epi mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap fè tout sa ki nesèsè pou retire Nouyòkè yo nan refij Vil la yo pou yo rantre nan kay yo. Nouyòkè yo pral kapab rekonstwi lavi yo epi resevwa èd yo merite, tout menm kote.”

PDG Sèvis Tranzisyonèl pou New York Inc., Doktè Larry S. Grubler te di, “Jodi a, pandan nou ap kòmanse travay nan nouvel rezidans sa a, nou ap ouvè yon nouvo chapit nan TSINY, ki se premye nouvo bilding apatman nou konstwi. Nou rekonesan pou sipò nou te resevwa nan men Gouvènè Cuomo, pwogram Renouvèlman Kominote ak Kay Eta New York la, Biwo Sante Mantal ak kominote Queens lan epi nou ap atann pou nou patisipe nan revitalizasyon Jamaica ak ekonomi lokal nou an.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418